

*Life don beta...***EPISODE 3****CHARACTERS***Efe**Pullen**Whiz Papa**Ivie**David*

---

**SCENE 1***Pullen's residence. Evening.*

1. **SFX:** **EVENING AMBIENCE**
2. **SFX:** **(FOOTSTEPS, DOOR OPENING AND CLOSING)**
3. **EFE:** **(GRADUALLY COMING ON MIC HUMMING PARTY MUSIC... STOPS SUDDENLY)** Pullen my husband **(TEASING)** My honey! See how you dey relax for house wen everybody for dis town dey party.....Hey, you miss no be small!
4. **PULLEN:** **(COLDLY)** Efe, every party na de same, nothing dey new...
5. **EFE:** **(INTERJECTS)** Ahh! Pullen no just talk dat one o, dis one different, shey na de food, abi de music we wan talk? Even de papper wey dem take print de program sef... I sey every tin dey smell money.
6. **SFX:** **PAPER RUFFLING**
7. **EFE:** Even GRA people sef dey dier. If you see wetin Tessy Amadasun wear, na she every body dey torch light for de party.... Na wer dis children dey abi dem go sey dem no hear my voice since? **(CALLS OUT)** Isoken!
8. **PULLEN:** I send am message.

9. **EFE:** Na dat one come make she no commot de plate wey you take chop for table even wen she sabi sey I no dey like see dis kin tin for palor.
10. **SFX:** **PLATES OPENING AND CLOSING**
11. **EFE:** **(SHOCKED)** Ah ah, Pullen! You no chop your food, wetin happen abi you sick...My dear abeg talk to me now ehen.
12. **PULLEN:** Dis one pass sickness. How you expect sey I go chop dey happy wen you no dey give my daughter food ehn Efe, tell me?
13. **EFE:** My husband, I no understand wetin you dey talk.
14. **PULLEN:** Isoken tell me sey you no dey give am food for dis house...Why Efe . Wich kin offence she fit offend wey gomake you treat am like dat?
15. **EFE:** **(UPSET)** Oh oh ,She tell you dat kin word and you sef believe am. Ah you disappoint me. Ah ah Pullen I no believe sey you fit dey like dis.
16. **PULLEN:** Ok Efe, make you tell me wetin happen.
17. **EFE:** She tell sey she sell my bread come pocket de money. E tell you dat one?
18. **PULLEN:** **(SURPRISED)** You mean to sey Isoken don dey steal?
19. **EFE:** I don talk dat kin talk for im head before? I just tell am sey make she return my money give me and since dat time she don dey run for me.
20. **PULLEN:** **(THOUGHTFULLY)**Hmmm dis girl no go spoil my name...
21. **EFE:** Na de reason wey I punish am be dat. If we no take stronge hand hold dat girl, she go bring shame for dis family.
22. **PULLEN:** **(COAXINGLY)**You suppose don tell me now instead wey you come dey punish am wit food.
23. **EFE:** I no know sey she go refuse to chop. Wetin I for do?
24. **PULLEN:** Efe, na be like her mama. Now she dey feel sey you no look her side.Na some days ago be im birthday, we no celebrate and on top of dat e no even chop.
25. **EFE:** Na who e tell ehn Pullen? How many birthday I go put for my head?

26.**PULLEN:** I know sey you dey try Efe. But you suppose look Isoken wellwell. No let am feel sey she no get person because im mama don die.

27.**EFE:** God know sey I dey try o! If you no go tell me welldone, I go tell mysef. I dey try my best for am o! Na de tin wey go make beta woman tomorrow I dey do for am. Iam trying my best for her o!

28.**PULLEN:** Wetin I dey try talk be sey make you get patient wit am.

29.**EFE:** Ah ah, Pullen! I no like dis kin tin o. Abi you wan make I commot my hand patapata for de girl body?

30.**BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**

**SCENE 2*****Pullen's Residence, Afternoon***

- 31.SFX: **SOUND OF PLATES AND CUTLERIES**
- 32.SFX: **KNOCK ON THE DOOR OFF MIC**
- 33.PULLEN: (ON MIC) Who is there? Enter the door is open
- 34.SFX: **DOOR OPENS AND CLOSES**
- 35.WHIZPAPA: (CHEERFULLY ON MIC) Pullen, Pullen! Pullen my good friend. I sabi waka no be small...And I no dey miss my target....Pu-Ilen
- 36.PULLEN: Whiz Papa! The only Beninwonder...
- 37.WHIZPAPA: Yes o, any other one na counterfeit...Na me be dis , I no dei sell bad market
- 38.PULLEN: Whiz Papa! You meet me well, abeg join me. Make we chop!
- 39.WHIZPAPA: Dat na my man!You go live long and you go get money like oil company...I pray our ancestors go open yah eye make you for see all de bad bele people...anywer wey der don carry your go do juju, e no go work....
- 40.PULLEN: Thank you! Make we chop before de food go cold...I dey happy wellwell any time wey I see you because you dey make my mind jolli.
- 41.WHIZPAPA: (LAUGHS)Why we come be friends.....Ummm! Dis na correct food, beta taste! I sure sey na Isoken cook am. Come o, wer she dey sef?
- 42.PULLEN: You too dey praise dis Isoken.
- 43.WHIZPAPA: Yes-o! We suppose praise good tin and de one wey no good, make we talk am.
- 44.PULLEN: Hmm.. but I no know again o.
- 45.WHIZ PAPA: Wetin you dey talk Pullen? Wetin happen?
- 46.PULLEN: Na Isoken o. De kin report wey I dey get about am dis days no good at all.
- 47.WHIZPAPA: (JOKINGLY)You no wan make I chop dis food as you come dey tell me sey Isoken na bad pikin ... (LAUGHS)  
Try anoda style because I no believe you.

- 48.**PULLEN:** Dis na serious matter...Isoken don change o.Upon sey e no gree go lesson, she dey insult her step mama on top.
- 49.**WHIZ PAPA:** Who tell you all dis tory?
- 50.**PULLEN:** Efe now. De wahala wey Isoken dey cause for dis house no be small upon sey Efe dey treat am like im own pikin.
- 51.**WHIZ PAPA:** Hmm. My friend Pullen...You don talk to Isoken on top dis mata? Or na de tins wey Efe tell you you dey take judge?
- 52.**PULLEN:** Whiz Papa... I don try. I really try to understand am.We close wellwell before but as she dey grow na so we dey separate more more.
- 53.**WHIZ PAPA:** Well... now e do be big girl. E don sabi how e feel wen you no get mama. Efe no fit replace Isoken mama .
- 54.**PULLEN:** I sabi so. And I dey warn Efe too. But na all of us get de blame because even me sef no remember im batday.
- 55.**WHIZ PAPA:** My friend, make you shine your eye see wetin de happen for your own house.
- 56.**PULLEN:** Wetin you mean?
- 57.**WHIZ PAPA:** Wetin I dey try talk be sey Isoken na de pikin of de woman wey you love wellwell. Im mama don die and na only you she get for dis life. No let am become sranger for im own house.
- 58.**PULLEN:** She no be stranger for here. I be im papa. But na my ibo tenant house e dey like to go, even to go chop. Na de tin wey she choose be dat.
- 59.**WHIZ PAPA:** Maybe na der she fit relax.
- 60.**PULLEN:** But na im house be dis. I sey she even dey go chop for der.
- 61.**WHIZ PAPA:** Maybe dat na de only place wer e dey see food chop.
- 62.**PULLEN:** Wetin you mean? Na only once Efe punish am and she no gree chop again. Wetin you wan make de woman do, make e dey put de food for im mouth like small pikin?
- 63.**WHIZ PAPA:** Hmm... Pullen my friend, I sure sey dis tory get anoda side. But one day one day breeze go blow and we see fowl nyash.
- 64.**PULLEN:** Well...Wetin I want na make Isoken continue to be good girl wey she be before. And I wan make she know sey Efe na beta woman.

65.**WHIZPAPA:** Beta enh? Okay o. But remember o (**SINGING**) One day,  
one day, monkey go gomarket,e no go return!

66.**BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**

**SCENE 3***Restaurant, Evening*

- 67.SFX : **SOFT MUSIC AND CUTLERIES AMID GIGGLES**
- 68.DAVID: Ivie my darling. Body sweet me no be small.You sabi sey I too like dis restaurant.
- 69.IVIE: Today na yah batday David. You deserve am.
- 70.SFX: **MOBILE PHONE RINGING**
- 71.IVIE: **(GIGGLING)**I wan toast my love. Dis one na for you as you dey celebrate your batday, as you dey grow dey go, na so our love go dey strong dey go.
- 72.DAVID: Amen o, my love
- 73.SFX: **WINE GLASSES CLICKING**
- 74.DAVID: Ivie you do well for dis outing,, you don make my day as usual.
- 75.SFX: **MOBILE PHONE RINGING**
- 76.IVIE: **(TEASING)**David , stop all dis your skakara make you answer your call.
- 77.SFX: **KEY PAD SOUND SIGNIFYING CALL RECEIVING**
- 78.DAVID: Mama how now, abeg I fit call you back.... ?Na you be de best. Tank you! Bye bye.
- 79.IVIE: Wetin happen? Hope sey problem no dey?
- 80.DAVID: Na my mama. E organize small party for me for house to take mark my batday.
- 81.IVIE: Na so!Hey, dem try o... so make we quick finish dis our jolly make you for go meet your people for house make dem no too wait for you.
- 82.DAVID: Make dem wait jo ,Ivie, today na my day and na you I wan spend am with.I happy for wer I dey. I wan stay wit de person wey I love.
- 83.IVIE: I love you too David.But you suppose dey wit your family too.
- 84.DAVID: Honey, make we just dey jolly dey go. E bad reach sey na corner love we still dey do since all dis days, e dey pain me!Tru tru I don tire.

- 85.**IVIE:** Dat na how I feel too! I wan shout from on top house sey I love you. But our family people....
- 86.**DAVID:** Our family no go take our life live for us my dear. Come make we do one crazy tin.
- 87.**IVIE:** Crazy like wetin David?
- 88.**DAVID:** Follow go de party! Come make we go my house make my family see you. I no care wetin anybody go talk.
- 89.**IVIE:** (**LIGHTLY**)You wan make my papa get heart attack? You know how your family go vex reach if I just show and you come tell dem sey I be Ivie Amadasun...
- 90.**DAVID:** Ehen ehen? And so? How long we go take hide?E don reach 4 years now Ivie. All I wan make we get na relationship wey dey normal. I no wan dis hide hide again.
- 91.**IVIE:** But David, you know sey e no be our fault. Our family na enemy.
- 92.**DAVID:** And na for how long we go dey de middle of dis fight wey our family dey fight wey be sey even dem no fit remember wetin start de fight?
- 93.**IVIE:** Exactly! Even my papa no sabi.
- 94.**DAVID:** Ivie, I don ready to face anytin just to make sure people know how we dey. Ivie, I wan marry you.
- 95.**IVIE:** David,My papa no go gree make we marry lai lai. We must have patient.
- 96.**DAVID:** Hear wetin you dey talk again “my papa no go gree”. Na wetin you dey talk for four years be dis... Hmph! You sure sey you serious about dis relationship abi you just dey waste my time.
- 97.**IVIE:** (**UPSET**)Why you dey talk like dis now? Your time, My own time nko?David you know sey I no be small pikin again. I love you. And na you I wan follow.
- 98.**DAVID:** Then make we do dis tin! Make we run commot for town go anoda place go marry and settle .
- 99.**IVIE:** I no fit do dat kin tin o, I wan make my papa bless my marriage.

100. **DAVID:** Okay....What if you get bele, we fit tell our family sey e don happen, dat time, dem no go get choice.
101. **IVIE:** Dat kin talk no good at all David. How you fit even make dat kin suggestion sey make I get bele wen we neva marry?
102. **DAVID:** Because I no see another option
103. **IVIE:** David, you don forget sey we dey use family planning tabletbecause we no wan born pikin inside dis kin family wahala ?
104. **DAVID:** **(GRUDGINGLY)**Tru tru I no wan dat kin tin, but I wan marry you.
105. **IVIE:** I dey for you. But we two don gree sey na only wen we don ready we go start to born, abi no be why we dey plan be dat?
106. **DAVID:** **(FRUSTRATED)** I doubt weda we go eva ready wen you wan decide for wetin go keep us togeda.
107. **IVIE:** You know wetin? E be like sey you no just wan understand anytin at all come dey go your party.
108. **BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**

**SCENE 4*****Pullen's Residence. Evening***

109. **SFX:**                   **COMPOUND AMBIENCE**
110. **EFE:**                    **(SHOUTING)**Isoken! Isoken! Dis nonsense gal no go answer wen I dey call am . Isoken! Isoken!!Isoken!!! ... You don become deat and dumb abi?!
111. **WHIZPAPA:**   **(SINGING OFF MIC AND COMING TO THE MIC)** *I do man, I do body,I sorry- o...*
112. **EFE:**                    Isoken! **(RAGES)**Dis area na my witness today...
113. **WHIZPAPA:**   Efe! why you dey call Isoken like sey na dog you de call?
114. **EFE:**                    Whiz Papa abi, wetin you dey call yah sef, who call you for dis mata. Shey you no fit mind your own bisness?
115. **WHIZPAPA:**   **(BREAK INTO SONG)** *if you plan evil for person, one day you go reap am o, I do man, I do body, I sorry o!*
116. **EFE:**                    **(CLAPPING)** Look you, shameless, useless, jobless man... Go find sometin do, make you stop to dey make noise for my compound.
117. **WHIZPAPA:**   You fit fool oder people but me I sabi wetin you dey do.... but one day one day breeze go blow and we go see fowl yansh'
118. **EFE:**                    Look you, frustrated he goat, because you no fit make anytin for you otota work, you come dey make noise for my compound.
119. **WHIZ PAPA:**   **(LAUGHS)** Your compound? Efe, your papa no get common bungalow.
120. **EFE:**                    Shut yah mouth old fool like you. You no go find somtin do for dis your old body wey resemble chewing stick so. Your mate dey build house , you dey here dey sing like frog.
121. **WHIZPAPA:**   **(LAUGHS)**Na small pikin dey worri you Efe. Go ask anywer, you tink sey dem call me Binni wonder for notin? De place wey I don enter you no fit smell am. Na who I neva

perform for? Shey na dem oba we go talk abi na dem Amadasu abi dem osifo. Na me be de one and only otota.

122. **EFE:** Abeg stop all de tory! Make you disappear from here. Wetin you get to show for all de work wey you don do, notin!

123. **WHIZPAPA:** I blame you? ‘Na wall wey fall, na im make goat climb am’

124. **EFE:** Mchewww! Abeg commot for my compound make you no dey make noise for here!

125. **BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**